



**UNIONDALE UNION FREE  
SCHOOL DISTRICT**

933 GOODRICH STREET,  
UNIONDALE, NY 11553-2499

Website:

<http://district.uniondaleschools.org>

**BOARD OF EDUCATION**

CHARMISE P. DESIRÉ, *President*  
JUSTIN BROWN, *Vice President*  
MARY BEDIAKO, ED. D, *Trustee*  
ADELINA BLANCO-HARVEY, *Trustee*  
CAROL EASON, *Trustee*  
VALENCIA HOPKINS, *Student Member*

**DISTRICT CLERK**

TBD

516-560-8945 • FAX 516-918-1060

**ADMINISTRATION**

**Superintendent of Schools**

WILLIAM K. LLOYD, PH.D.

516-560-8824 • FAX: 516-414-5675

E-MAIL: [wllloyd@uniondaleschools.org](mailto:wllloyd@uniondaleschools.org)

**Acting Superintendent of Schools  
&**

**Assistant Superintendent for  
Curriculum and Instruction**

RHONDA H. TAYLOR

516-560-8825 • FAX: 516-560-8917

**Assistant Superintendent for  
Human Resources**

TBD

516-560-8822 • FAX: 516-560-8927

**Assistant Superintendent  
for Business Affairs**

STEVEN M. EPSTEIN

516-560-8801 • FAX: 516-918-1071

11 desanm, 2020

Chè fanmi Uniondale yo:

Pandan n ap kontinye kontwole kantite ka COVID-19 nan kominote nou an, nou toujou rete vijilan ak inebranlab nan detèminasyon nou pou kenbe elèv nou yo, ak rezidan yo an sekirite. Nou konprann gen gwo enkyetid ke kantite ka positif yo ap kontinye ogmante pandan sezon fèt la, epi nou fòtman sijere ke fanmi yo limite tout rasanbleman posib ak moun ki nan kay la SLMAN. Elèv ak fanmi yo, k ap vwayaje pandan peryòd jou ferye sa yo, ta dwe respekte restriksyon vwayaj Eta New York yo epi yo pa dwe retounen lekòl jiskaske yo jwenn yon otorizasyon doktè yo, oswa aprè kantite jou nan karantèn ki rekòmande yo. Tout restriksyon sa yo mete an plas pou kenbe fanmi nou yo ak kominote edikasyonèl nou an an sekirite kont tout pwopagasyon viris la nan kominote nou an.

Kòm nou konsidere tout faktè sa yo, nou te pran desizyon pou relouvri lekòl pou elèv kap aprann an pèsòn nou yo jou **lendi kap 11 janvyè olye ke lendi 4 janvyè**. Sa a pral asire nou ke semèn adisyonèl sa a ap pèmèt elèv nou yo ak anplwaye yo retounen nan lekòl yo an bon sante kont tout tras COVID-19. Se poutèt sa, tout elèv an pèsòn yo pral sou platfòm vityèl la apati 4 janvyè jiska 8 janvyè.

Nou konprann ke gen sèten fanmi ki ka kontrarye akòz desizyon sa a, sepandan yo dwe konnen ke nap kenbe yo enfòmè pandan moman sa a de tout desizyon pou yo ka pran aranjman ki apwopriye yo.

Pandan n ap kontinye travay pou kenbe kominote nou an an sekirite kont COVID-19, mwen ankouraje ou kontinye swiv tout pwotokòl sekirite CDC yo, tankou respekte distans sosyal, lave men ak toujou mete mask. Mwen konseye ou pou toujou mete mask menm si ou andedan kay la an prezans nenpòt lòt vizitè.

Nan Sèvis pou Timoun yo,

Rhonda Taylor

Enterimè Sipèntandan